



## RÈGLEMAN ENTÈN MANB FOWÒM

### Atik 1- Kreyasyon - Nati - Objektif.

Manb Fondatè yo kreye Fowòm Ekonomi Solidarite **HOTSPOT ONE (ESHO)** ki genyen pou sig **FESHO** nan jou ki te **06 Desanm 2020**. Manb Fondatè yo kreye Fowòm Ekonomi Solidarite an ki se yon kanal pou tout **Manb Fowòm Estrikti** a kapab kominike youn ak lòt, epi rete soude youn ak lòt pa mwayen **Platfòm Elektwonik** ak **Rezo Sosyal** yo epi resevwa mesaj tankou: rapò, nòt rapèl, sikilè ak tout desizyon **Estrikti Ekonomi Solidarite** an ap genyen pou pibliye.

### Atik 2- Tip Piblikasyon Sou Fowòm Nan.

**Fowòm** nan se yon kanal komunikasyon pou tout manb **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** li ye. Mesaj tèks, vokal ak videoyo manb yo ki otorize epi ak mesaj ofisyèl **Estrikti** a ap genyen pou pibliye yo se:

- Mesaj bonjou ak bonswa nan ouvèti ak fèmti.
- Mesaj byenvini pou nouvo manb yo.
- Mesaj konesans ak tout manb yo.
- Mesaj blag ak distraksyon nan mitan tout manb yo.
- Mesaj anivèsè tout manb yo.
- Videoyo ki enstriktif ki ap ede manb yo.
- Videoyo aktvitè ak evènman manb yo.
- Nòt rapèl, anons ak sikilè pou manb yo.
- Nòt senpati ak kondoleyans nan ka maladi ak lanmò.
- Piblikasyon desizyon **Esktriki Fowòm** nan.
- Dokiman rapò aktivite ak evènman elatriye.

### Atik 3- Lè Ouvèti Ak Fèmti Fowòm Nan.

Fowòm Ekonomi Solidarite **HOTSPOT ONE (ESHO)** ap louvri depi **6:00 Zè AM** nan maten pou fèmen jiska **12:00 Zè AM** nan lannwit, sa vle di manb **Fowòm Estrikti** a genyen **Dizwit (18) èd Tan** pou yo fonksyone chak jou. Kidonk, tout manb dwe respekte lè ouvèti ak fèmti **Fowòm Estrikti** a, Sinon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap pran sanksyon kont manb la.

### Atik 4- Administrasyon Fowòm Nan.

Fowòm Ekonomi Solidarite **HOTSPOT ONE (ESHO)** ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** laden li ki se:

- Prezidan.
- Sekretè Jeneral.

- Responsab Trezò.
- Pòt Pawòl.
- Konseye Jeneral.

#### **Atik 5- Lekti Règleman Entèn.**

Avan pou yon manb fè pati **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, Platfòm **Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo, li dwe pran tan li pou li byen li ak byen konprann **Règleman** yo epi mande eksplikasyon si li jwenn anpil lide ki pa twò klè pou li.

#### **Atik 6- Respè Ak Aplikasyon Règleman Yo.**

Tout manb ki fè pati **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, dwe soumèt ak tout **Règleman** yo epi aplike yo nan tout aktivite **Fowòm Estrikti** a ap fè sou tout **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** li yo.

#### **Atik 7- Sanksyon Administrasyon An.**

Kèlkeswa manb la, pa genyen dwa pou li pataje yon bagay ki pa genyen rapò ak **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo san otorizasyon **Administrasyon** an. Sinon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap pran sanksyon kont manb la.

#### **Atik 8- Règ Sou Sekirite Ak Konfidans.**

**8.1-** Pou rezon sekirite ak konfidansyalite, **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap di tout manb li yo pa kite yon lòt moun ki pa fè pati **Fowòm Estrikti** a itilize telefòn ou pou voye mesaj nan **Fowòm** nan , ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo. Si telefòn yon manb ta pèdi, manb la dwe fè tout mwayen posib pou li fè **Administrasyon** an konnen sa ki se **KOJESO**.

**8.2-** Kèlkeswa mesaj ki ta pibliye ki pa ta genyen rapò ak **Fowòm Estrikti** a ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo, **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap retire manb la nan menm moman an pou yon ti tan jiskaske **Administrasyon** an rantre an kontak avèk manb la.

**8.3-** Si menm manb la ta kite menm pwoblèm sa repete yon lòt fwa ankò, ebyen lè sa,**KOJESO** ap retire manb la pou lè pwoblèm sa rezoud nèt.

#### **Atik 9- Videyo, Imaj Ak Mizik Ki Entèdi.**

**Administrasyon** konnen **Videyo, Imaj ak Mizik** yo kapab pèmèt manb li yo pi byen konprann yon sitiyasyon oubyen yon evènman. Men **Administrasyon** pa bay pèmisyon pou yon manb pibliye nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo tankou:

- Video ak imaj chokan.
- Videyo ak mizik betiz.
- Videyo ak imaj pònografik.

- Videyo, mizik ak imaj ki ap preche vyolans ak denigre moun elatriye.

#### **Atik 10- Dire Videyo Ak Mizik Ki Otorize.**

Tout videyo ak mizik ki enstriktif ki genyen pèmisyon pou tounen nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa dwe depase **Dis (10) Minit** ak tout vokal yo, eksepte ka ki esepsonèl yo.

#### **Atik 11- Respè Pou Desizyon Administrasyon An.**

Tout manb dwe respekte tout desizyon **Administrasyon** an pran depi desizyon sa pa kontrè ak objektif, filozofi misyon epi vizyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap defann.

#### **Atik 12- Reprimand Pou Prnsip Ak Respè Règleman Yo.**

Si yon manb pa respekte prensip **Règleman** yo nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo, **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap reprimande manb la nan **Fowòm Estrikti** a.

#### **Atik 13- Sanksyon Pou Eskonbrit Santimantal.**

Nenpòt manb ki vini fè eskonbrit santimantal, kakosal vèbal, kakosal ekri nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo, Kidonk depi yon manb pa ta respekte prensip ki dikte nan **Règleman Entèn** nan, ebyen lè sa **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (ESHO)** ap radye manb la menm kote a jiskaske manb la bay rezon valab la ak garanti sa pap janmen rive fèt ankò.

#### **Atik 14- Entèdisksyon Piblikasyon Prive.**

Tout sa ki pale sou fòm vèbal, vokal, ekri an prive ant **De (2) Manb** ki fè pati **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo dwe rete andeyò **Fowòm Estrikti** a. **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** entèdi ak kèlkeswa manb la pou pa pataje enfòmasyon prive yo nan **Fowòm Estrikti** a san otorizasyon **Administrasyon** an.

#### **Atik 15- Otorizasyon Mesaj Prive.**

Pou yon manb genyen otorizasyon sa a, fòk **De (2) Manb** ki konsène yo aksepte, sa vle di pou yo di "Wi" fòmèlman ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** pou piblikasyon an rive fèt.

#### **Atik 16- Sanksyon Pou Vyolasyon Mesaj Prive.**

Manb ki vyole prensip la dwe fè eskiz piblikman nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, ki se **Platfòm Elektwonik** yo ak **Rezo Sosyal** yo ak manb konsène a. Aprè sa, si menm manb la ta repete dezobeyizans ak prensip sa ankò, fwa sa a **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap pran sanksyon kont manb la san okenn jistifikasyon ak defans.

## **Atik 17- Mwayen Pou Yon Manb Soti Nan Fowòm Nan.**

Kèlkeswa manb li ye a, pa genyen dwa pou li retire tèt li pou kont li nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** menm si li ta bay rezon valab la ak **Administrasyon** an. Manb la dwe jwenn ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** pou sa fèt jan li dwe fèt.

## **Atik 18- Sanksyon Pou Manb Ki Soti Nan Fowòm Nan.**

Si yon manb ta rive retire tèt li pou kont li nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** san se pa **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ki retire li, lè sa a manb la ap genyen pou li bay **Administrasyon** an rezon valab ki fè sa rive. San eksplikasyon pou jistifye desizyon pèsonèl sa, manb la pap janm kapab fè pati **Fowòm Estrikti** a ankò.

## **Atik 19- Retou Yon Manb Nan Fowòm Nan.**

Si yon manb ta vle retounen nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** an ankò aprè manb la te fini pran yon ti distans nan **Fowòm Estrikti** a pou yon ti tan, manb la dwe jwenn ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** pou mande entegrasyon li ankò. Konsa, **Administrasyon** an ap pèmèt manb la rantre nan **Fowòm Estrikti** a yon lòt fwa ankò.

## **Atik 20- Respè Vi Prive Yon Manb.**

Nenpòt manb nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki ta rantre an kontak ak yon lòt manb nan **Fowòm Estrikti** a an prive, kèlkeswa bagay yo ta antann yo sou li a, sa pap angaje **Fowòm Estrikti** a sou yon fòm oubyen sou yon lòt.

## **Atik 21- Non Ak Diskriminasyon.**

**Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa nan diskriminasyon ki chita sou ras, koulè, kilti, reliyion, konesans, andikap, kote ou fèt, lang yon manb pale, oriantasyon seksyèl. Nan sans sa a, tout manb se manb epi yo genyen menm valè.

## **Atik 22- Sanksyon Pou Tout Fòm Diskriminasyon.**

Si yon manb nan **Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou yon rezo oubyen pou yon lòt ta pratike tout tèm ki site la yo kont yon lòt manb nan **Fowòm Estrikti** a. **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap pran sanksyon kont manb la jiskaske li la bay rezon valab ak garanti sa pap janmen rive fèt ankò.

## **Atik 23- Amandman Règleman Entèn Fowòm Nan.**

**23.1-** Tout dispozisyon anndan **Règleman Entèn Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** kapab adapte selon nouvèl egzijans tan ak lòt sitiyasyon ki kreye li pa te prevwa. Nan sans sa a, atik nan **Règleman Entèn Manb Fowòm Estrikti** a kapab modifye swa nan yon pati saw nan tout **Règleman Entèn Manb Fowòm Estrikti** a si sikontans la mande sa.

**23.2-** Tout chanjman, tout adaptasyon, tout amandman swa an pati oubyen tout **Règleman Entèn Manb Fowòm Estrikti** a limenm sa yo kapab fèt nenpòt moman nan peryòd la, men se **KOJESO** ki ap genyen pou apwouve li. Sepandan fòk tout **Manb Fondatè** yo dakò pou sa posib. Sinon, sa dwe fèt chak **Youn (1) Lanne**.

#### **Atik 24- Dispozisyon Final.**

**Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pa nan politik epi li pap sipòte okenn kandida ni fè piblisite pou okenn kandida.

**Mwen** menm \_\_\_\_\_

**Mwen li, Mwen**

komprann, **Mwen** aksepte epi **Mwen** siyen paske mwen dakò ak tout **Atik** san manke yon yota ki nan **Règleman Entèn Manb Fowòm Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou mete yo an aplikasyon epi koube **Mwen** anba sanksyon yo chak fwa **Mwen** vyole youn ladan yo.

**Fè Nan Dat 18 Desanm 2022**

Dat \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
**Siyati Manb Fowòm ESHO**